

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **1.1 Kacindekan**

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif kalawan pamarekan kualitatif. Métode déskriptif nyaéta panalungtikan nu mibanda tujuan pikeun ngadéskripsikeun tur ngagambarkeun hiji hal sacara objéktif. Tujuan nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan téh nyaéta: 1) ngadéskripsikeun Tepak Opat Cimandéan; 2) maluruh ajén éstétika nu nyampak dina Tepak Opat Cimandéan; 3) maluruh unsur sémiotik nu nyangkaruk dina Tepak Opat Cimandéan; 4) larapna Tepak Opat Cimandéan jadi bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII.

Tepak Opat mangrupa salah sahiji ngaran Tepak nu asal jeung mekarna di tatar Pajampangan. Disebut Tepak Opat lantaran ngawengku opat gerakana atawa jurus jeung opat ketukan. Tepak Opat miboga sababaraha harti. Nu kahiji, Tepak Opat miboba simbol dina nyebarkeun agama Islam nu mangrupa gambaran opat sobat Rosul nu ngawakilan kabéh sipat ti Rosul sorangan. Salian ti éta jumlah tepakna nu opat mangrupa simbol arah mata angin nyaéta kulon, wétan, kalér, jeung kidul, tapi nuduhkeun pangaharepan anu teges hiji-hijina mung ukur ka Allah SWT. Satuluyna, aya kecap Cimandéan. Cimandéan di dieu miboga harti simbol tina cai mandé, cai nu asalna tina kahirupan manusa, anu ngingetan ka manusa yén urang téh asal hirup tina cai anu hina (kaweningan haté). Numutkeun kana asal muasal tur harti tina Tepak Opat Cimandéan, ahirna ngajadikeun cukang lantaran babarna Sanggar Seni Jamus Kalimasada.

Unggal pintonan tangtu miboga struktur pintonanana. Dina pintonan kasenian Tepak Opat Cimandéan téh aya sababaraha prosés pintonan, nyaéta prosés tatahar saméméh midang, nalika midang, jeung sabada midang. Saméméh midangkeun kasenian Tepak Opat Cimandéan, biasana sakabéh anggotana nataharkeun sagala kaperluan pikeun pintonan. Penca silat salaku kasenian buhun teu lepas tina kapercayaan masarakat Sunda ka karuhun nu aya disabudeureunana. Ieu hal

mangrupa salah sahiji cara jalma anu ngagem agama Islam dina nepikeun rasa sukur, kahayang, pamaksudan, atawa ménta pangampura ka Allah Swt, ogé para Nabi jeung Rosul, para wali, para ulama, jeung para karuhun anu geus tihareula ninggalkeun alam dunya. Nalika midangkeun Tepak Opat Cimandéan miboga *koreografi* atawa patokan dina unggal jurusna. Dina ibing Tepak Opat Cimandéan, *koreografi* anu digunakeun umumna nyaéta: (1) Buka'an Cimandé; (2) Tepak Opat Cimandéan; (3) Jurus Tepak Opat Cimandéan; jeung (4) Padungdung. Sabada midangkeun kasenian Tepak Opat Cimandéan, anggota biasana kumpul heula pikeun ngadu'a babarengan minangka rasa sukurna ka Pangéran, kalawan rahmat jeung ridhona pintonan kasenian Tepak Opat Cimandéan bisa lumangsung kalawan lungsur langsar tur suksés. Satuluyna sakabéh anggota sanggar langsung méré'san deui pakakas anu digunakeun dina pintonanana.

Dumasar kana hasil panalungtikan, ajén éstétika kabagi kana dua, nyaéta ajén éstétis atawa ajén murni jeung ajén ékkstra éstétis atawa ajén panambah. Ajén éstétis atawa ajén murni nu kapaluruh dina Tepak Opat Cimandéan ngawengku unsur-unsur anu ngawujud dina Tepak Opat Cimandéan, saperti ayana wangun ibing penca, pakéan pamaén, gerak, sora anu mirig, ibingan jeung waditra nu dipakéna. Sedengkeun ajén ékstra éstétis atawa ajén panambah, ayana dina hubungan antara manusa jeung alam. Saumpama taya manusa jeung alam, tangtu moal aya Tepak Opat Cimandéan katut pintonanna.

Unsur sémiotik nu kapaluruh dina Tepak Opat Cimandéan nyaéta ngawengku tilu ikon, nu kaasup dijerona nyaéta ibing Tepak Opat Cimandéan, nayaga, jeung pamaén silat. Satuluyna ngawengku opat indéks, nyaéta *banner* atawa idéntitas sanggar, pakalangan atawa tempat minton, formasi ibing penca, jeung sora nu dihasilkeun tina waditra. Nu pamungkas ngawengku lima simbol. Simbol anu kapaluruh dina Tepak Opat Cimandéan nyaéta kendang jeung kulantér, kempul, baju jeung calana pangsi hideung, iket, sarta tarompét. Dumasar hasil analisis ngeunaan unsur sémiotik dina penca silat Tepak Opat Cimandéan, katién anu pangréana kapaluruh nya éta simbol. Lantaran kabudayaan manusa raket patalina jeung simbol-simbol.

Sanggeus ditalungtik jeung dipedar, ngeunaan ajén éstétika sarta unsur sémiotik dina Tepak Opat Cimandéan, bisa dijadikeun alternatif pikeun bahan pangajaran maca artikel di kelas XII SMA. Ieu dumasar kritéria milih bahan pangajaran anu hadé. Aya lima hal anu kudu dipilih pikeun nangtukeun bahan ajar, nyaéta bahan pangajaran anu dipilih dumasar kana tujuan nu hayang dihontal, mibanda ajén pikeun kahirupan manusa, ayana ajén pikeun ngawasa hiji paélmuan, mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhna, sarta luyu jeung kabutuh katut minat siswa.

## **1.2 Implikasi**

Hasil tina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh ajén éstétika sarta unsur sémiotik nu nyangkaruk dina Tepak Opat Cimandéan, nu ditujukeun pikeun masarakat umum sangkan bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan kasenian nu aya di tatar Sunda, salah sahijina Tepak Opat Cimandéan di Sanggar Seni Jamus Kalimasada. Lian ti éta ieu panalungtikan miharep sangkan bisa dijadikeun tarékah dina ngajaga katut ngamumulé budaya Sunda pikeun dipikawanoh ku masarakat séjén.

## **1.3 Rékoméndasi**

Dumasar hasil panalungtikan, masih kénéh ayana pasualan-pasualan ngeunaan Tepak Opat Cimandéan di Sanggar Seni Jamus Kalimasada nu can kaguar ku panalungtik. Ku kituna, panalungtik miharep sangkan aya panalungtikan satuluyna pikeun ngaguar pasualan-pasualan nu can kungsi dipedar dina ieu panalungtikan. Pikeun pamaréntah saperti Dinas Pariwisata dan Kebudayaan Jawa Barat, ogé Dinas Pariwisata dan Kebudayaan Kabupatén Sukabumi, dipiharep ayana tarékah pikeun ngaraksa tur ngariksa ieu kasenian, sangkan bisa dipikawanoh ku masarakat. Pikeun masarakat umum, ieu hal dipiharep sangkan masarakat tuluy ngajaga katut ngamumulé budaya sorangan sangkan budaya Sunda bisa nanjeur.